

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa alat komunikasi nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa, nu bisa ngébréhkeun rasa, pikiran jeung kahayang manusa. Sakumaha pamadegan Sudaryat (2003:9), “basa nya éta beungkeutan sora manusa nu dihasilkeun ku pakakas ucapna kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem pikeun tujuan komunikasi antara anggota masarakatna”.

Sedengkeun numutkeun Kridalaksana (1993:21), basa nya éta “sistem lambang sora nu arbitrér nu digunakeun ku para anggota masarakat pikeun kerja sama, interaksi jeung ngidéntifikasi diri”.

Dumasar kana sababaraha wangenan di luhur, bisa dicindekkeun yén fungsi utama basa téh nya éta mangrupa alat pikeun ngayakeun komunikasi jeung interaksi antara anggota masarakat.

Basa mangrupa fénoména anu ngadumaniskeun dunya sora jeung dunya ma'na, ngabogaan tilu sub sistem, nya éta; 1) Sub sistem fonologis (tata sora), nu ngawengku fonétik jeung fonémik, 2) Sub sistem gramatikal, nu ngawengku morfologi (ngulik ngeunaan kecap, babagian kecap, katut prosésna), jeung sintaksis (ngulik ngeunaan kalimah, babagian kalimah, katut prosésna), 3) sub sistem léksikal nu ngulik ngeunaan kandaga kecap.

Morfologi mangrupa sub sistem tina basa nu mangrupa prosés anu ngolah

léksém jadi kecap atawa nu jadi input dina prosés ieu nya éta léksém sabagé satuan léksikal, sedengkeun kecap sabagé satuan gramatikal ngabogaan peran sabagé out put.

Dina basa Sunda aya 3 (tilu) prosés morfologis, nya éta; ngararangkénan, ngarajék, jeung ngantétkeun.

Prosés ngagabungkeun morfém kauger nu disebut rarangkén kana morfém lianna nu mangrupa wangun dasar, bakal nimbulkeun wangun anyar nu disebut kecap rundayan, sarta prosésna disebut afiksasi (ngararangkénan).

Numutkeun Sudaryat (2003:42) nu dimaksud kecap rundayan nya éta “kecap jembar anu diwangun ku cara ngantétkeun rarangkén kana wangun dasarra. Prosés ngawangun kecap rundayan disebutna ngararangkénan (afiksasi)”.

Dina basa Sunda aya opat rarangkén nu digunakeun nya éta; rarangkén hareup (préfix), rarangkén tengah (infiks), rarangkén tukang (sufiks), jeung rarangkén barung (konfiks).

Salah sahiji wangun rarangkén nya éta rarangkén hareup. Larapna rarangkén hareup téh loba pisan dina rupa-rupa média tulisan saperti karangan non fiksi (ésséy, opini, karya ilmiah, jeung sajabana), karangan fiksi (karya sastra saperti dongéng, carpon, novel, jeung réa-réa deui). Novel *Baruang ka nu Ngarora* mangrupa salah sahiji karya sastra wangun novel nu pangheulana medal nya éta dina taun 1914, sipatna fiktif (rékaan), sok sanajan aya kalana eusi caritana kaalaman ku hiji jalma tapi tetep waé eusina geus dibéré rékaan nu mangrupa imajinasi pangarang.

Numutkeun data nu kapanggih tina skripsi mahasiswa Jurusan Bahasa Daérah,

Universitas Pendidikan Indonesia (UPI), skripsi nu nalungtik ngeunaan rarangkén hareup hususna masih jarang, aya ogé sababaraha skripsi nu nalungtik ngeunaan rarangkén hareup téh ngan ukur ngabahas gurat badagna wungkul, saperti *Model Pangajaran Rarangkén Barung di SLTP* (Dedi Junaedi, 1999), *Rarangkén Hareup dina Novel Galuring Gending Karangan Tatang Sumarsona* (Encep Sutisna, 2003) ngan naluntik ngeunaan rarangkén hareup di-, ka-, jeung pa- wungkul.

Nilik kana sababaraha hal anu geus diénérhkeun di luhur, panalungtikan kalawan judul "Rarangkén Hareup dina *Novel Baruang ka nu Ngarora* Karya D. K. Ardiwinata" (Tilikan Struktur jeung Semantis) téh perlu diayakeun.

1.2. Masalah

Kecap mangrupa wangun katatabasaan nu bébas tur bisa mandeg mandiri, nu diwangun ku hiji atawa leuwih morfém. Dina prosés morfologis aya prosés ngararangkénan nu bisa nyababkeun robahna wangun tur harti gramatik sarta ngahasilkeun wangun jeung harti nu anyar. *Novel Baruang ka nu Ngarora* mangrupa novel nu pangheulana medal, nya éta dina taun 1914 sarta bisa dijadikeun sumber pikeun nalungtik rarangkén hareup dina wangun karya sastra.

1.2.1. Watesan Masalah

Tina pedaran masalah di luhur, méré gambaran yén novel *Baruang ka nu Ngarora* bisa dijadikeun sumber pikeun nalungtik rarangkén hareup. Dina ieu panalungtikan baris didéskripsikeun rarangkén hareup nu aya dina novel *Baruang ka nu Ngarora* sarta pedaranna diwatesanan nya éta ngan medar ngeunaan;

1. Rarangkén hareup nu aya dina novel *Baruang ka nu Ngarora*,
2. Fungsi rarangkén hareup nu aya dina novel *Baruang ka nu Ngarora*,
3. Harti rarangkén hareup nu aya dina novel *Baruang ka nu Ngarora*.

1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana masalah jeung watesan masalah di luhur, nu jadi masalah poko dina ieu panalungtikan nya éta sakumna rarangkén hareup wangun salancar (murni) nu aya dina novel *Baruang ka nu Ngarora*, nu dirumuskeun dina wangun pananya ieu di handap;

1. Rarangkén hareup naon waé nu aya dina novel *Baruang ka nu Ngarora*?
2. Naon waé fungsi rarangkén hareup nu aya dina novel *Baruang ka nu Ngarora*?
3. Naon waé harti rarangkén hareup nu aya dina novel *Baruang ka nu Ngarora*?

1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Panalungtikan

Patali jeung rumusan masalah di luhur, panalungtikan ieu mibanda tujuan saperti ieu di handap,

1. ngadéskripsikeun rarangkén hareup nu nyampak dina novel *Baruang ka nu Ngarora*,
2. ngadéskripsikeun fungsi rarangkén hareup nu aya dina novel *Baruang ka nu Ngarora*,
3. ngadéskripsikeun harti rarangkén hareup nu aya dina novel *Baruang ka nu Ngarora*

Ngarora.

1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat nu dipiharep dina ieu panalungtikan nya éta:

1. pikeun panalungtik, bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan sabagé média pikeun nambahan pangaweruh widang morfologi hususna ngunaan rarangkén hareup,
2. pikeun ngainventarisasi jeung ngadokumentasikeun sakumna rarangkén hareup nu aya dina novel *Baruang ka nu Ngarora*,
3. pikeun dunya pangajaran, bisa dijadikeun salah sahiji sumber pikeun bahan pangajaran rarangkén hareup di sakola,
4. minangka pangdeudeul hasanah kapustakaan di Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah.

1.4. Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Rarangkén hareup mangrupa prosés morfologis nu ngarobah léksém jadi kecap nu kompléks sarta mangrupa bagian tina prosés afiksasi,
2. Fungsi ngarangkénan hareup teh aya dua nya éta, fungsi dérivatif jeung fungsi infléktif.
3. Unggal rarangkén hareup mibanda harti anu béda-béda, aya nu mibanda harti hiji ayay ogé nu leuwih ti hiji.

1.5. Kajian Tiori

Kajian tiori mangrupa tatapakan pikeun medar masalah-masalah nu baris ditalungtik dina ieu panalungtikan. Kajian tiori raket patalina jeung buku sumber nu luyu jeung masalah anu baris ditalungtik. Buku sumber anu bakal dijadikeun acuan dina ieu panalungtikan dikelompokkeun jadi dua, nya éta: (1) tiori panalungtikan, jeung (2) tiori kabasaan.

Tiori panalungtikan nu digunakeun museur kana buku; Pengantar Metodologi Penelitian Pendidikan dan Pengajaran Bahasa (Suyatna, 2002), jeung Manajemen Penelitian (Arikunto, 1993). Tiori kabasaan anu digunakeun nyoko kana buku Pedaran Basa Sunda (Sudaryat, 2003), minangka pangdeudeul baris digunakeun tiori Rosmana ngeunaan Morfologi Basa Sunda (2003), Ramlan ngeunaan Morfologi Suatu Tinjauan Deskriptif (1997), jeung tiori Kridalaksana ngeunaan Pembentukan Kata Dalam Bahasa Indonesia (1996).

